**Pou Piblikasyon Imedya:** 27/12/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

# GOUVÈNÈ CUOMO EGZÒTE TOUT MOUN NEW YORK POU YO PREPARE YO POU TANPERATI KI EKSTRÈMMAN FRÈT

## *Kondisyon Metewo Yo Ap Rete Frèt Anpil Pandan Wikenn lan Jiska Kòmansman Semèn Pwochèn*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te egzòte jodi a moun New York yo pou yo pran prekosyon kont kondisyon metewo ki frèt epi danjere yo ki pral afekte tout eta a jiska 2 Janvye. Zòn nan rejyon sid ak rejyon lwès yo ki nan North Country yo pral eksperimante briz van frèt ki danjere rive omwen jiska Jedi swa, kote tanperati briz van yo kapab atenn -15 a -25 degre pi ba pase zewo degre, ak kèk zòn nan rejyon sid Adirondacks ki ap atenn nivo ba jiska -40 degre pi ba pase zewo degre. Tanperati nan Long Island ak Vil New York yo prevwa yo pral ant 15 a 20 degre pi ba pase nivo nòmal yo ak gwo tanperati ki ap rete pi ba pase dizèn yo jiska demi ventèn yo, ak bès pandan nwit yo ki ap atenn yon sèl chif jiska Vandredi, epi soti Dimanch rive Madi. Avi Metewo Ivènal yo te pibliye tou nan Rejyon Finger Lakes ak Avètisman pou Nèj Akoz Efè Lak yo ki an plas pou zòn bann efè lak tipik yo nan Rejyon Lwès New York ak North Country.

“Tanperati ivènal ki ekstrèmman frèt yo te etabli toupatou nan eta a, epi moun New York yo dwe asire yo ke yo prepare pou kondisyon metewo frèt ki danjere sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen ankouraje moun New York yo pou yo rete enfòme epi an sekirite pandan kondisyon metewo sa ki pa kleman - nou pral kontinye siveye kondisyon yo epi rete pare pou asiste nenpòt kominote ki nan bezwen.”

**Lòt konsèy sekirite:**

Lòt sous chofaj nan kay la se yon gwo koz pou dife rezidansyèl nan ivè. Asire ou ke tout nivo nan kay la gen yon alam pou lafimen ki ap byen fonksyone epi verifye li chak mwa.

**Pwoteksyon kon Ensendi**

Founo ki ap boule bwa yo, chemine ak sistèm chofaj yo kapab ajoute yon tanperati ki konfòtab, men asire ou ke ou ap itilize yo ak prekosyon.

- Toujou mete yon griyaj pwoteksyon otou yon flanm dife.
- Pa janm itilize gazolin pou fè dife nan yon fwaye.
- Pa janm boule chabon anndan kay.
- Pa janm fèmn etiv la lè sann yo cho.

- Lè w ap itilize lòt kalite sous chofaj tankou yon chemine, fou ki fonksyone avèk bwa, elatriye, toujou asire ou gen bon jan vantilasyon. Kenb rido, sèvyèt ak manchon pwoteksyon lwen sifas cho.
- Fè tcheke chemine w avan sezon an kòmanse pou akimilasyon kreyozòt-- epi apresa netwaye l.
- Etabli yon wout evakyasyon ki byen planifye avèk tout fanmi an.

**Chofaj Kewozèn**

Si ou itilize radyatè kewozèn pou ogmante konbistib chofaj regilye ou, oswa kòm yon sous chofaj pou ijans, swiv ti konsèy sekirite sa yo:

- Swiv enstriksyon manifakti a.
- Itilize sèlman konbistib ki bon pou inite ou a.
- Remete konbistib deyò SÈLMAN epi lè inite a frèt sèlman.
- Kite radyatè a sou yon distans omwen twa pye avèk mèb ak lòt objè ki ka pran dife yo.
- Lè w ap itilize radyatè a, itilize pwoteksyon kont dife epi ayere yo kòrèkteman.

**Rete Cho Anndan Kay yo**

Si ou pa gen chofaj pandan yon kondisyon metewo ki frèt yo, ou kapab rete cho lè ou fèmen chanm ou pa bezwen yo. Abiye ak kouch rad ki lejè epi mete yon kaskèt.

Pwoteje Tiyo Dlo yo

Pou kapab evite dega ak agravasyon tiyo dlo ki konjle yo, pwoteje kay ou an, apatman oswa biznis ou apati aplikasyon mezi senp ke nou pral site la yo.

Anvan Kondisyon Metewo Ki Frèt yo

- Lokalize epi izole tiyo ki pi siksesib pou yo konjle yo, tipikman sila yo ki tou pre mi ki deyò yo, nan espas kwense yo oswa nan grenye yo.
- Vlope tiyo yo ak tep ki cho (ki apwouve pa UL).
- Bouche nenpòt fwit ki ap pèmèt lè frèt antre anndan kote tiyo yo lokalize yo.
- Dekonekte tiyo awozaj jaden yo epi fèmen epi retire dlo ki nan tiyo yo ki ale nan wobinè ki deyò yo. Sa ap redwi chans pou gen konjelasyon nan liy kout tiyo a ki jis anndan kay la.

Lè Li Fè Frèt

- Kite dlo cho ak dlo frèt koule dousman lannwit nan yon wobinè nan yon miray deyò.
- Louvri pòt plaka yo pou kite plis chalè antre nan tiyo ki pa izole yo anba yon evye oswa yon aparèy menaje ki toupre yon miray deyò.
- Asire ou kite chofaj la limen epi regle nan 55 degre egzakteman.

- Si ou gen plan pou sòti: (1) Fè yon moun verifye kay ou an chak jou pou kapab asire ke sistèm chofaj lan toujou ap mache pou anpeche konjelasyon, oswa (2) retire dlo epi fèmen sistèm dlo yo (eksepte sistèm estenktè entèn yo).

Si Tiyo yo Konjle

- Asire oumenm ak fanmi ou konnen kijan pou fèmen dlo a, sizoka tiyo yo pete. Si ou sispann ekoulman dlo a sa ap diminye domaj yo nèt nan kay ou. Rele yon plonbye epi kontakte ajan asirans ou.
- Pa janm eseye dekonjle yon tiyo avèk yon flanm oswa yon flanbo dife.
- Toujou siveye posiblite pou chòk elektrik nan ak toutotou dlo dòmi.

**Sekirite Deyò:**

Pou evite atak fredi, rete andedan pandan gwo fredi. Si ou dwe ale deyò eseye pou kouvri tout pati nan kò ou; zòrèy, nen, zòtèy ak dwèt, elatriye. Mitèn pi bon pase gan. Kenbe po w sèk. Pa rete nan van lè li posib. Bwè anpil likid kòm idratasyon ogmante volim san, sa ki ede pou anpeche atak fredi. Evite kafeyin, alkòl ak sigarèt. Kafeyin redwi veso sangen an, anpeche rechofman ekstremite ou yo. Alkòl redwi frison, sa ki ede pou kenbe ou cho. Itilizasyon sigarèt etenn sikilasyon san nan men ou.

<u>Premye Swen Atak Fredi</u>

*Jiskaske ou ka rive andedan kay:*

- Pa fwote oswa mase pati kò w ki frèt la.
- Bwè likid cho.
- Mete yon kouch rad siplemantè, dra, elatriye.
- Retire bag, mont, ak nenpòt bagay ki sere.

*Depi ou fin andedan*

- Pa mache sou yon pye apre li gen jeli. Ou ka koze plis domaj.
- Pran yon beny tyèd PA cho, epi vlope figi ak zòrèy ou nan yon sèvyèt mouye, tyèd, ki PA cho.
- Pa ale toupre yon fou ki cho oswa aparèy chofaj oswa pa itilize yon kousen chofan, boutèy dlo cho, oswa yon sechwa. Ou ka boule tèt ou anvan ou santi sansasyon an.
- Po ki gen jeli pral vin wouj epi anfle epi w ap santi se kòmsi l ap pran dife. Ou ka devlope ti anpoul. Pa pete ti anpoul yo. Li ka lakoz sikatris.
- Si po ou vin tou ble oswa gri, li anfle anpil, ti anpoul oswa ou santi li di ak paralize menm anba yon sifas, ale lopital touswit.

Ipotèmi devlope akoz ekspozisyon pwolonje nan tanperati ki frèt, espesyalman lakay timoun ak granmoun aje. Siveye sentòm ki annaprè yo: enkapasite pou konsantre, move kowòdinasyon, twoup nan langaj, somnolans, fatig, ak/oswa tranbleman enkontwolab, apre yon mank frison toudenkou. Si tanperati kò yon moun desann anba

95 degre Fahrenheit, chèche swen ijans medikal touswit. Retire rad mouye, vlope viktim lan nan yon kouvreli ki cho, epi bay likid ki pa gen alkòl, kafeyin jiskaske li jwenn èd.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418